

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Tarum Areuy mangrupa banda budaya urang Sunda nu ngandung kaarifan lokal. Éta kaarifan lokal téh bisa jadi matéri pangajaran basa Sunda di sakola utamana dina bahasan téks budaya Sunda. Ku kituna, tujuan ieu panalungtikan nyaéta kieu: 1) ngadéskripsikeun Tarum Areuy jeung fungsina, 2) ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun matéri ajar téks budaya Sunda di SMPN 1 Ciawi. Ulikan tiori nu digunakeun nyaéta sajumlahing konsép-konsép kurikulum merdéka jeung pangajaran basa Sunda. Kurikulum merdéka tiori nu dipedarna ngawengku matéri ajar, modél ajar SFL-GBA, nyieun batik jumputan, jeung quizizz di SMPN 1 Ciawi. Pangajaran Basa Sunda tiori nu dipedarna ngeunaan kaarifan lokal, muatan lokal, téks budaya Sunda jeung kritéria milih matéri ajar. Méthode nu digunakeun nyaéta déskriptif kualitatif ku téhnik obsérvasi, wawancara, alat évaluasi, jeung dokuméntasi, katut analisis dina ngolah data.

Déskripsi Tarum Areuy dina ieu panalungtikan ngawengku: ngaran, sajarah jaman baheula, sajarah jaman kiwari, jeung pangaweuh masarakat lokal. Ngaguar harti jeung makna tina Tarum, léngkah awal nu dilakukeun numutkeun Isnéndés spk. (2023), ngarujuk tina makna léksikal (kamus) basa Sunda, dina Kamus Umum Basa Sunda taun 1981 disebutkeun kieu "*Tarum, ng. tutuwuhan, cai daunna sok dipake nyelep lawon supaya jadi bulao kolot (méh hideung); il. nila*", hartina, bisa katitén yén ngaran Tarum téh mangrupa ngaran tutuwuhan nu daunna biasa digunakeun pikeun nyieun larutan pewarna nu miboga warna dasar biru. Sajarah Tarum Areuy nu diguar dina ieu panalungtikan ngeunaan sajarah tokoh Tarum Robert Brown jeung William Marsdén, Sajarah Kamekaran Tarum Areuy di Jawa Barat (2011 M-2021 M), Kiwari, aya 5 kawasan penting dina basis pengembangan Tarum Areuy (*Marsdenia tinctoria R.Br.*) di Jawa Barat. Kahiji, di kawasan Bandung nu ngawengku kawasan Ciharalang, Cimenyan, Kabupaten Bandung nu dikokolakeun ku Ackay Deni Ramdani (*House of Varman*) kawasan Pangauban, Batujajar, Kabupaten Bandung Barat nu dikokolakeun ku Gelar Taufiq

Kusumawardhana (*House of Varman*). Kadua, di kawasan Cigugurgirang, Kacamatan Parongpong, Kabupatén Bandung Barat nu dikokolakeun ku Chyé Rétty Isnéndés (*House of Varman*). Katilu, di TPST Cibodas, Kelurahan Pataruman, Kacamatan Pataruman, Kota Banjar di nu dikokolakeun ku Yadi Supriadi (komunitas TARAP). Kaopat, di kawasan Kampung Citarumareuy, Gedogan, Dusun Jibal, Désa Bantarkalong, Kacamatan Cipatujah, Kabupatén Tasikmalaya dan kawasan Pesantrén Muara, Kampung Muara, Dusun Jibal, Desa Bantarkalong, Kacamatan Cipatujah, Kabupatén Tasikmalaya nu dikokolakeun ku Bapak H. Dedi Abdulah. Kalima, di kawasan Nagrak, Sukabumi nu dikokolakeun ku Chyé Rétty Isnéndés (*House of Varman*).

Fungsi Tarum Areuy dina ieu panalungtikan dimangpaatkeun zat *indigona* ku siswa dina prakték nyieun batik jumputan tuluy bisa évaluasi diajar ngaliwatan média ajar berbasis quizizz. Salian ti éta, fungsi Tarum Areuy nu diguar dina ieu panalungtikan dumasar kana aspék ékonomis, atikan, pupuk, médis, jeung koléksi. Saterusna, fungsi Tarum Areuy jaman baheula diguar ku laporan perdagangan Tarum Areuy jaman kolonial jeung prasasti sukawana. Déskripsi jeung fungsi ngeunaan Tarum Areuy dumasar kana pangaweruh masarakat lokal dipedar tina hasil wawancara jeung KH. Dedi Abdulloh salaku pupuhu yayasan di Pondok Pasantren Muara Bantarkalong.

Larapna hasil panalungtikan ngeunaan Tarum Areuy pikeun matéri pangajaran basa Sunda di SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya ngutamakeun kaunggulan daérah jeung kaarifan lokal nu museur kana kompeténsi muatan lokal dina kurikulum merdéka, élemén kompeténsi kurikulum merdéka nu dimaksud ditepikeun ngagunakeun fase D dina bagéan maca, miarsa jeung ngaregepkeun téks budaya Sunda ngeunaan Tarum Areuy ku modél pangajaran SFL-GBA, nyieun batik jumputan, jeung quizizz. Tapi nu diasupkeun kana matéri pangajaran pikeun di kelas ngan sabagian, ku sabab eusi tina matéri ajarna ditepikeun pikeun siswa kelas 7 SMP. Siswa dibagi 5 kelompok pikeun ngaregepkeun jeung maca téks budaya Sunda ngeunaan Tarum Areuy jeung prakték nyieun batik jumputan ngagunakeun pewarna Tarum Areuy nu geus disadiakeun, tuluy didokuméntasikeun pikeun diasupkeun kana lampiran, soal quizizz nu ditepikeun ka siswa jumlahna aya 10 soal nu ngawengku 5 pilihan

ganda jeung 5 isian singkat nu kudu dieusian ku unggal kelompok nu dipedar luyu jeung kompetensi dasar, indikator soal, jeung level kognitif dina kurikulum merdéka. Waktu panalungtikan di kelas lumangsung dicutat pikeun ngajawab tujuan panalungtikan nu kadua nyaéta ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun matéri ajar téks budaya Sunda di SMPN 1 Ciawi, 60 % siswa resep kana matéri pangajaran basa Sunda ngeunaan Tarum Areuy, lantaran siswa boga kesan nambah wawasan ngeunaan dina unsur kabudayaan téh aya tutuwuhan Tarum Areuy sarta resep dina ngawarnaan lawon, 60 % siswa ogé resep kana pewarna Tarum Areuy lantaran siswa nyieun batik jumputan, 80 % siswa resep kana pangajaran berbasis quizizz lantaran siswa kelas 7 umumna resep kana kaulinan, sarta dina pangajaran berbasis quizizz fiturna ngadukung kana motivasi diajar siswa.

Kacindekan sacara umum Tarum Areuy jadi cukang lantaran dina ngawanohkeun udagan kaarifan lokal budaya Sunda, anapon prosés pangajaranna bisa dipertimbangkeun ku pihak sakola, sabab déskripsi, fungsi jeung larapan Tarum Areuy bisa ditepikeun ku tiori, prakték, jeung évaluasi pangajaran ngagunakeun aplikasi quizizz.

### 5.3 Implikasi

Dumasar kaayaan muatan lokal mata pelajaran basa Sunda di SMPN 1 Ciawi, matéri ajar téks budaya sunda ngeunaan Tarum Areuy bisa dilarapkeun lamun guru geus siap dina risiko manajemen waktu, musawarah, jeung medar ngeunaan matéri ajar basa Sunda ngeunaan Tarum Areuy kalayan bisa ditarima ku pihak Musawarah Guru Mata Pelajaran (MGMP) di sakola. Saupama niténan kana hasil panalungtikan mah, ieu matéri ajar téks budaya Sunda sacara umum komponén pangajaranna bisa ditarima ku pihak guru jeung siswa, hartina masalah internal ngeunaan téhnik pangajaran sarta hal naon waé nu rék ditepikeun ka siswa lain jadi tolak ukur nu utama deui, tapi geus kudu mikiran kumaha carana diplomasi jeung puguhna alur birokrasi nu luyu jeung kabutuhan kurikulum merdéka jeung muatan lokal di SMPN 1 Ciawi.

Bisa jadi yén matéri ajar téks budaya Sunda ngeunaan Tarum Areuy bisa dimekarkeun jadi BAB dina pangajaran basa Sunda, dumasar kana hasil

panalungtikan déskripsi jeung fungsi tina ngaran, sajarah, jeung pangaweruh masarakat lokal ngeunaan Tarum Areuy diguar sacara kompréhensif luyu jeung hasil panalungtikan nu geus dipedar. Hartina eusi matéri ajarna teu ukur nu nyampak dina conto matéri ajar, tapi ditambah ku guaran hasil panalungtikan, tapi ieu hal kudu dipertimbangkeun deui dina hal cara nepikeun jeung dina nyieun soal évaluasi, sabab kudu diperhatikeun deui dina élemén kurikulum merdékana asup kana katégori fase D atawa henteu, saupama niténan kana eusi matéri dina sub BAB déskripsi jeung fungsi ngeunaan Tarum Areuy nu loba, eusina ampir mirip jeung matéri fase E pikeun SMA.

Saupama niténan tina modél média panagajaran, aplikasi nu digunakeun dina nepikeun soal matéri ajar téks budaya Sunda ngeunaan Tarum Areuy ka siswa teu ukur ku ngaliwatan media pangajaran berbasis quizizz, bisa ogé ngagunakeun aplikasi *testmoz*, *thatquiz*, *zoho challenge*, *quiz egg*, *pro profs*, *kahoot*, *worldwall*, jrrd.

### 5.3 Rékoméndasi

Ieu rékoméndasi kudu diperhatikeun ku masarakat didik tina larapan ngagunakeun Tarum Areuy di kelas 7-F SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya, sangkan panalungtikan kahareupna boga dampak pikeun mekarkeun Tarum Areuy dina pangajaran nu museur kana kaarifan lokal. Eusi rékoméndasi dina ieu bab ngawengku kieu.

- 1) Dumasar kana métode panalungtikan ngeunaan Tarum Areuy nu ngagunakeun métode déskriptif kualitatif, sarta udagan nu dijadikeun matéri ajar téks budaya Sunda di SMPN 1 Ciawi, ngabutuhkeun dukungan ti pihak masarakat didik di sakola sangkan ditarima ku pihak sakola pikeun jadi matéri pangajaran nu permanén. Ari sababna mangpaat Tarum Areuy nu serbaguna teu ukur jadi matéri wungkul, tapi bisa ngawarnaan pangajaran di sakola ku rupa-rupa kagunaan nu geus ditepikeun dina BAB saméméhna.
- 2) Saupama ieu matéri ajar téks budaya Sunda ngeunaan Tarum Areuy ditarima ku pihak sakola, pangajaran nu ditepikeun kudu ningkatkeun kaparigelan siswa dina ngamumulé idéntitas kabudayaan Sunda di lingkungan sabudeureunna.

Anu utamana ngarawat jati diri urang Sunda jeung ngarawat tutuwuhan Tarum Areuy salaku udagan idéntitas kaarifan lokal budaya Sunda, tur ngamumulé kasadaran siswa kana lingkungan alam, sosial, budaya jeung kaarifan lokal Sunda sangkan jadi siswa nu masagi.

- 3) Siswa kudu ningkatkeun kamampuan dina ngainterprétasi jeung ngaréfléksi téks budaya Sunda nu ditepikeun ku guru ngeunaan Tarum Areuy, boh ku sajian *visual* boh *audiovisual*, pikeun mekarkeun kompeténsi kaparigelan siswa luyu jeung pangabutuh kurikulum merdéka. Ari sababna bisa jadi situasi pangajaran lumangsung teu luyu jeung jam pangajaran nu geus diatur, nu akibatna hasil dina ngeusi évaluasi pangajaran teu konséntrasi jeung rurusuhan.
- 4) Waktu nyieun batik jumputan, pewarna Tarum Areuy ngaluarkeun hawa nu ahéng, jeung harepanna diusahakeun pikeun guru merhatikeun kabersihan pewarna. Sangkan prosés ngawarnaan teu kahalangan ku hawa Tarum Areuy nu teu ilahar.
- 5) Pikeun panalungtikan kahareupna ngeunaan Tarum Areuy référénsi tokoh nu disalusur kudu ditambah deui, sabab dina ieu panalungtikan sumber data narasumber masih aya kénéh nu can ditepungan saupama dibandingkeun jeung narasumber nu ngokolakeun tutuwuhan Tarum Areuy nu resmi. Ari sababna lokasi nu jauh ti kota Bandung, kurang bisa ngabagi waktu panalungtikan, jeung ngokolakeun akomodasi.